

Svondo remichindwe



**Wakaropafadzwa Uyo unouya nemuzita raShe.
Mapisarema 118:26**

Zakariya 9:9-10

Mambo wako arikuuya

9 Fara kwazvo iwe mukunda weZioni; pururudza iwe mukunda weJerusarema; tarira, mambo wako anouya kwauri; ndiye wakarurama, ndiye unokunda; unozvinipisa, akatasva mbongoro, iyo mhuru mwana we mbongoro. 10 Ndichaparadza ngoro pakati paEfraimi, namabhiza pa Jerusarema; vuta vokurwa vuchaparadzwa; uchataurira nhudzi dzavanhu rugare; ushe hwake huchabva pagungwab kusvikira pagungwa, nokubva kuRwizi Kusvikira kumigumo yenyika.

Hosanna, Loud Hosanna

Jeanette Threlfall

Hosanna, loud hosanna,
The little children sang;
Through pillared court and temple,
The lovely anthem rang.
To Jesus, who had blessed them,
Close folded to His breast,
The children sang their praises,
The simplest and the best.

Mateo 21:1-11

Jesu anogamuchirwa muJerusarema

Vakati voswedera kuJerusarema uye vasvika muBhetifage pagomo reMiorivhi, Jesu akatuma vadzidzi vaviri, 2 achiti kwavari, “Endai kumusha wamakatarisana nawo uye imomo muchaona mbongoro yakasungirirwa pamwe chete nomwana wayo. Mudzisunungure muuye nadzo kwandiri. 3 Kana pano munhu anotaura chinhu kwamuri, mumuudze kuti, Ishe anodzida uye achadzidzosa nokukurumidza.”

4 Izvi zvakaitika kuti zvizadzise zvakataurwa kubudikidza nomuprofito achiti:

5 “Muti kuMwanasikana weZioni, ‘Tarira, Mambo wako anouya kwauri, ari munyoro, akatasva mbongoro, ari pamusoro pomwana wembongoro.’”

6 Vadzidzi vakaenda vakandoita sezvavakanga varayirwa naJesu. 7 Vakauya nembongoro nomwana wayo, vakaisa nguwo dzavo pamusoro padzo, uye Jesu akagara pamusoro padzo. 8 Vanhu vazhinji vakawarira nguwo dzavo mumugwagwa, vamwewo vakatema mapazi emiti vakaawarira mumugwagwa. 9 Vazhinji vakanga vakatungamira mberi navaya vakanga vachitevera vakadanidzira vachiti: “Hosana kuMwanakomana waDhavhidhi!” “Akaropafadzwa uyo anouya muzita ralshe!” “Hosana kumusoro-soro!”

10 Jesu akati apinda muJerusarema, guta rose rakazungunuswa, vakabvunza vachiti, “Ndianiko uyu?”
11 Vazhinji vakati, “Uyu ndiye Jesu, muprofito anobva kuNazareta kuGarirea.”

(Verengawo Mako 11:1-10, Ruka 19:28-38, Johani 12:12-15)

Ngatitarisei Svondo yemichindwe

- 1. Jesu akaraira vadzidzi kuti vaende muguta. Ikoko vaizondowana mbongoro ne mwana wayo iyo yavaida kushandisa. Ko Jesu akudzei vadzidzi vake?** (Akavaudza kuti vaisunungure.)
- 2. Ko Jesu akaziva sei kuti mwene we mbongoro aizotenda kumupa?** (*Aiziva chiprofita che Testamente Yakare. Mwanakomana waMwari naizvozvo anoziva zvose.*)
- 3. Vadzidzi vaifanira kutii kumwene wembongoro?** (*Ishe anoida.*)
- 4. Vanhu vakaitei kuratidza rukudzo wravo kunaJesu apo akapinda muJerusarema?** (*Vakawaridza nhumbi dzavo pamwechete nemashizha emichindwe kuti afambe pamusoro pazvo.*)
- 5. Ko vanhu vakadanidzira vachiti chii?** (*Hozana kumwanakomana waDhavidhi! Wakaropafadzwa uyo unouya muzita raShe! Hozana kune wokumusorosoro!*)
- 6. Jesu akapinda muJerusarema akatasva mbongoro sa Mambo wenyika yose. Ko nemhaka yei Jesu akatasva mbongoro panzvimbo chebhiza?** (*Jesu muchinda werugare, kwete wehondo. Mumazuva aJesu mbongoro yaiva mucherechedzo wokuzvininipisa, mutakuri wemutoro uye nechirangaridzo cherugare.*)
- 7. Ko izvi zvinorevei pamusoro peupnyu hwedu sevaKristu.** (*Tingada kutevera muenzaniso waShe Jesu wokuzvininipisa nokutakurirana mitoro. Tingada kushumira zvichibva parudo rwedu naMwari.*)
- 8. Mutoro rudzii uyo Jesu akatitakurira?** (*Akatakura mutoro wezvivi zvedu apo akatifira pamuchinjikwa.*)
- 9. Ko iwe ungaitei kuratidza rukudzo rwako kunaJesu?** (*Kumurumbidza nenziyo, mumunamato uye neupenyu hwedu. Taurira vamwe nezverudo rwake rukuru kwavari.*)